**ЕСКЕ ЗУНДÆЙ ИСБАРÆ, ДÆХЕ ЗУНДÆЙ ИСКÆРДÆ ÆМА РАЛУХ КÆНÆ!..**



***Альберт ЭЙНШТЕЙН (1879-1955), номдзуд фæсарæйнаг физик, Нобели премий 1921 анзи лауреат: «Айдагъдæр дууæ хузи цардиуагæй ес фæццæрæн. Фиццаг – æнгъæлдзæнæ, а дуйнебæл еунæг дессаг дæр нæййес, зæгъгæ. Дуккаг – дуйнебæл дæмæ алцидæр кæсдзæнæй дессаг...»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№28 (948) 2024 анзи 3 август – сухи мæйæ

Аргъ 1 туман


**НÆ ФИДИБÆСТИ СÆРБÆЛТАУ УОДУÆЛДАЙÆЙ ХЪАЗАУАТГÆНГУТÆ**



## НÆ АДÆММÆН ФАРНÆХÆССÆГ!..

Зундгонд куд æй, уотемæй 2013 анзæй фæстæмæ нæ бæсти 1 августи бæрæггонд цæуй, Фиццаг дуйнеуон тугъди будурти ка фæммард æй, еци уæрæсейаг тугъдонти имисæн Бон. Еци бон цитгинæй бæрæгкæнуйнаг æй махæн Иристони дæр, уомæн æма еци тугъди архайгæй не 'мзæнхонтæй беретæ сæ цард иснивонд кодтонцæ Уæрæсей сæрбæлтау. Уой фæдбæл нæ газети айразмæ номери ниммухур кодтан, еци тугъди не 'мзæнхонти архайди туххæй æрмæг. Абони ба ма мухур кæнæн еума æрмæг – еци тугъди архайæг **Темурхъанти Гаврили фурт Сослани (Ваной)** туххæй уац.

Æ цардвæндаг кæд æгæр цубургомау рауадæй, уæддæр æнхæстæй-æнхæстдæр иссæй агъазиау æма арфиаг гъуддæгутæй. Паддзахи æфсади афицер уогæй, е 'фсæддон служби æма фæстæдæр æ рохситауæн æма æхсæнадон архайди рæстæг дæр æ уоди фæгъгъæуай кодта ирон лæги еугур фæнзуйнагдæр æма бæллеццагдæр менеугутæ.

Æ еугур хъауритæй дæр архайдта нæ фидтæлти культурæ æма историон бунти хæццæ нæ адæми хуæздæр базонгæ кæнунбæл, уæдта еци хæзнатæ æмбурд æма гъæуай кæнунбæл.

Сослани рохситауæн архайд иссæй агъазиау æма ахедгæ байвæрæн бахаста нæ адæми национ хелæдæрунадæ æма уодварни ирæзти гъуддаги.

Темурхъанти Сослани туххæй æрмæг кæсетæ 7-аг фарсбæл.

## ÆХСАРГИН ТУГЪДОН АДТÆЙ ÆХСАРБЕГ



ЕДЗАТИ Æхсарбеги бюст Киристонгъæуи Намуси Аллейи

**Абони ма нæ æримисун фæндуй нæ Иристони цитгиндæр лæгтæй еуей – Едзати Александри фурт Æхсарбеги. Æскъуæлхт тугъдон ке адтæй, е бæрæг адтæй æ тугъдон хуæрзеугутæй дæр. Фал цæйбæрцæбæл алæмæти тугъдон адтæй, е ба рагъæр æй, тугъд ку фæцæй, уомæй берæ фæстæдæр – 1996 анзи исбæрæг æй, æ рæстæги ин аккаггонд ке 'рцудæй Намуси фиццаг къæпхæни орден дæр æма еци хуæрзеуæги æнхæст кавалер ке адтæй, е. Еци хабар, гъулæггагæн, æхуæдæг нæбал базудта – уомæй цуппар анзи раздæр рахецæн æй æ уæлзæнхон цардæй.**

**Абони ба нæ бæгъатæри рохс ном уомæ гæсгæ имисæн, æма æрæги, 25 июли æ райгурдбæл исæнхæст æй сæдæ анзи (1924-1992). Уой фæдбæл æрмæг кæсетæ 6-аг фарсбæл.**

**БÆРÆГБОН**



## ЗАДÆЛЕСКИ НАНАЙ БОН – НÆ ЕУГУРАДÆМОН БÆРÆГБОН

Алли анз дæр сухи мæйи (августи) фиццаг сабати бæрæггонд цæуй Задæлески Нанай Бон. Аци анз еци бон бæрæг кæнуни фæдбæл Иристони дзиллæн зæрдиагæй арфæ кæнгæй, нæ республики сæргълæууæг **Сергей Меняйло** уотæ радзурдта:

– Цæгат Иристони бæрæг кæнунцæ нæ национ цитгиндæр бæрæгбæнттæй еу – Задæлески Нанай Бон. Æнæуæгтæ бæгъатæр æма лæгдух силгоймаги бон бацæй, Тимури тогцъух æрдонгтæ нæмæ ку 'рбалæбурдтонцæ, уæд нæ адæми еугур æвæдæй фесæфунæй фæййервæзун кæнун. Æ еци æскъуæлхтдзийнадæй æностæмæ æ ном байзадæй нæ адæми анзфинститi.

Æ арфи нистауæни ма Сергей Меняло куд баханхæ кодта, уотемæй Уæрæсей аци анз нимад æрцудæй Бийнонти Анзбæл, уомæ гæсгæ ба аци бæрæгбонæн дæр æ ахсгиагдзийнадæ кæнуй никки бæрзонддæр. Уомæн æма е еума хатт дæр ма æвдесæн æй, адæми еудзийнадæ æнгон кæнуни гъуддаги бийнонти 'хсæн рахастдзийнæдтæ цæйбæрцæбæл устур бунат ахæссунцæ, уомæн. Гъæуай кæнетæ уæ хеуонти. Арфæ уин кæнун еума хатт дæр!..

* * *

Задæлески Нанай Бони фæдбæл Иристони дзиллæн зæрдиагæй райарфæ кодта нæ республики Парламенти Сæрдар **Тускъати Таймораз** дæр. Æма æ арфи нистауæни уотæ загъта:

– Задæлески Нанай цардвæндаг æма Райгурæн бæстæмæ е 'гæрон уарзондзийнадæ банимайæн ес æновуддзийнади ирддæр æвдесæнбæл, æ гъудити æнæхийнæдзийнадæ ба дзорæг æй уоди хъаурæ æма рæсугъддзийнадæбæл.

Рагæй дæр иристойнаг бийнонти къона гъæуайгæнæг силгоймагæн уæлдай фулдæр кадæ кодтонцæ, æма нæ еумæйаг ихæс æй аци æгъдау идарддæр æнхæст кæнун.

Хъазар æмзæнхонтæ! Бæрæгбони хуарзæнхæ уæ уæд! Уадзæ æма алли хæдзарæ дæр хайгин уа уарзондзийнадæй, федуд æма сабурдзийнадæй, нæ кадгин хестæртæ бийнонти фæрнугади бундорбæл нимад куд уонцæ, уотæ! Мæ зæрдæ уин зæгъуй æнæнездзийнадæ, хæлардзийнадæ æма амонд!..»

*Индиаг æмбесонд: «Ку райгурдтæ, уæд кудтæ еунæгæй, дæ алливарс адæм ба еугурæйдæр цийнæ кодтонцæ. Нур уæхæн цардæй фæццæрæ, æма дæ адзали бон дæ алливарс еугурæйдæр кæугæ куд кæнонцæ, ду ба еуенæгæй дæ медбилти куд ходай...» Ауæхæн зундирахастæй æ царди гъуддæгутæ ка кæсуй, æвæдзи, амондгун дæр е разиннуй...*

ПАЙДА ÆНГЪÆЛ ЦИ ГЪУДДАГÆЙ УАЙ, УОБÆЛ АРХАЙУН ГЪÆУЙ!..



# ИУАЗÆГАРÆХ ЦÆРУНГЪОН УÆЗÆГ ФÆУУЙ!..

Фæлтæрæй-фæлтæрмæ дæр нæмæ иуазæгуарзондзийнадæ цæйбæрцæбæл цитгийнаг æгъдау адтæй, уой ни ка нæ зонуй. Уогæ рæстæгутæ сæхе куд æййевгæ цæунцæ, уотæ еци æгъдау нуриккон цардарæзти фæткитæмæ гæсгæ цæмæйдæрти кæд æндæрхузон кæнуй, уæддæр æ медес ба еци еугæндзойнон æй – иуазæги исбоц кæнун нæмæ нерæнгæ дæр цитгин ихæсбæл нимад цæуй.

Нури доги ба еци æгъдау еугурпаддзахадон гъуддаг иссæй, æма имæ зингæ æргом æздæхт цæуй куд социалон-экономикон къабазæ, уотæ. Еумæйагæй хунд цæуй – туризм.

Уомæн æвдесæн, нæ республики Хецауади Сæрдар **Дзанайти Барис** ци æмбурд исаразта, е дæр. Дзубанди си цудæй туристон къабази райрæзти туххæй æнæмæнгæ райаразуйнаг фарстати фæдбæл. Æмбурди архайдтонцæ ахурадон уагæдæнтти разамонгутæ æма бизнеси минæвæрттæ. Республики ахурадæ æма науки министр **Алибегти Эллæ**, туризми комитети сæрдари ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Кочити Сослан**, адæмæн куст дæттуни Комитети сæрдар **Цъæхилти Чермен** æма экономикон ирæзти фиццаг хуæдæййевæг **Олег Быкадоров** дзурдтонцæ, туристон къабази арæхстгинæй ка коса, уæхæн косæндæнттæ ке нæ фагæ кæнуй æма уой туххæй ке гъæуй ахурти системæ райаразун, туризми къабази ка архайуй, уонæн сæ фæлтæрддзийнадæ фæууæлдæр кæнуни къурситæ исаразун практикон ахурти хæццæ.

Куд фæббæрæг кодтонцæ, уотемæй астæуккаг ахуради авд æма инсæй уагæдонемæй дæс цæттæ кæнунцæ специалисттæ программæ «Туризм æма иуазæгуарзондзийнадæ»-мæ гæсгæ. 2024-2025 ахури анзмæ уоми еумæ райсгæй ес 580 бунати – фари хæццæ рабаргæй, 50 фулдæр æма дууæ хатти фулдæр – 2021 анзи хæццæ рабаргæй. Уомæй уæлдай ма аци анз Дзæуæгигъæуи политехникон техникум хаст æрцудæй 2025 анзи федералон бюджетæй паддзахадон агъаз лæвæрд кæмæн æрцæудзæнæй субсидити хузи федералон проект «Профессионалитет»-и фæлгæти, еци конкурси 15 уæлахездзауей хигъдмæ. Гранти фæрæзнити фæрци арæзт æрцæудзæнæй ахурадон кластер туризм æма лæггæдти къабази агъазæн æма байеу кæндзæнæй астæуккаг профилон профессионалон ахурадон уагæдæнттæ. Е ба ратдзæнæй фадуат гъæугæ дæсниæдтæбæл специалисттæ цæттæ кæнунæн. Паддзахадон агъазæй дæс æма æртинсæй миллион соми, сæ фæрци материалон-техникон базæ, ахурадон æма кустадон инфраструктурæ нуриккон уагæбæл райараздзæнæнцæ.

Премьер-министр куд фæббæрæг кодта, уотемæй бæрзонддæр æмвæзадæмæ кæсун гъæуй, аттестацигонд ка не 'рцæудзæнæй, уæхæн надамонгутæ (гидтæ) цæттæ кæнуни куст. Республики аразунцæ нæуæг объекттæ, гъæудзæнæй фулдæр специалисттæ туристон къабази. Дзанайти Барис баханхæ кодта, еци гъуддагбæл гъæуама æмвæндæ æма æмхъаурæй ке архайуонцæ профилон оргæнтæ, æнхæстгæнæг хецауадæ æма бизнеси минæвæрттæ.

Туристон къабази минæвæрттæ загътонцæ, фулдæр ке гъæуй хуæруйнаггæнгутæ, официанттæ, аттестацигонд гидтæ, администратортæ.

Хецауади Сæрдар туризми Комитетæн байхæс кодта ахурадæ æма науки Министрадæ æма адæмæн куст дæттуни Комитетæн туристон къабази инвестортæ æма кустдæтгути домæнтæн гъæугæ специалистти фæлтæрддзийнадæ фæббæрзонддæр кæнун æма кадртæ нæуæгæй бацæттæ кæнуни туххæй. Уæхæн куст бакæнун гъæуй гъæууон хæдзаради министради хæццæ дæр проект «Агротуризм»-мæ гæсгæ.

АХСГИАГ ÆЙ!



Дзанайти Барис, Цæгат Иристони Хецауади Сæрдар:

– Абони нæмæ туризми къабази райрæзти зингæ æнтæстдзийнæдтæ ке ес, е бæлвурд æй. Нæ Иристон гъæздуг æй æрдзон уавæртæй, рагон историон æвдесæнтæй, нæ адæми цæмæдесаг æгъдæуттæ æма фæткитæй, нæ зæрдхæлардзийнадæ æма иуазæгуарзондзийнадæй. Уомæн æвдесæн е æй, æма аци анз айдагъ фондз мæйей дæргъи нæ республикæ бабæрæг кодтонцæ 800 мин адæймаги. Е хуарз бæрæггæнæн æй. Æма нæ идарддæр дæр архайун гъæуй, цæмæй нæмæ туризми индустри цардгъондæр кæна, цæмæй Цæгат Иристони хуарзи кой игъуса æнæгъæнæ Уæрæсей дæр æма фæсарæнти дæр.

РОХСАГ УО...

# ГÆЗДÆНТИ ГАППОЙ ФУРТ БУЛАТ



**Номдзуд музыкант, дирижер, композитор æма ахургæнæг Гæздæнти Гаппой фурт Булат 29 июли 2024 æ цардæй рахецæн æй.**

Уæрæсе æма Цæгат Иристони адæмон артист, Хетæгкати Къостай номбæл æма «Нарти фæткъу»-й премити лауреат, Иристони Фæллойни Бæгъатæр Гæздæнти Булат райгурдæй 1936 анзи 22 июни Цæгат Иристони Ольгинскийи гъæуи. Æ цардуалдзæги банкъардта музыкалон аййевадæмæ цæмæдесдзийнадæ, æма æ идарддæри цардвæндаг уæдæй фæстæмæ баст адтæй музыки хæццæ. Астæуккаг скъола каст ку фæцæй, уæд 1952 анзи бацудæй Дзæуæгигъæуи музыкалон училищемæ, ами еци-еу рæстæг равзурста цалдæр æздæхти: дирижери дæсниадæ, домрæ æма гобойæй цæгъдун исахур кæнун. 1957 анзи æ ахур райдарддæр кодта Гнесинти номбæл Паддзахадон музыкалон-педагогон институти.

Гæздæнти Булат исфæлдистадон надбæл фиццаг къахдзæфтæ ракодта 1950-аг æнзти. Уæд, куд еугур Уæрæсей, уотæ Иристони дæр, культурон æма музыкалон цард ирæзтæй. Булат хъæбæр разæнгардæй архайдта республики культурон царди: финста музыкæ Ирон театри спектакльтæн, еци-еу рæстæг куста Цæгат Иристони Радиокомитети оркестри. Æ аййевадæн ин устур аргъ кодтонцæ айдагъ Иристони нæ, фал Цæгат Кавказ æма Уæрæсей.

Гæздæнти Булат адтæй хъæбæр дæсни фæндурдзæгъдæг æма искурдиадæгин композитор. Е 'гæрон алæмæти аййевадæ хъæбæр хæстæг райстонцæ сæ зæрдæмæ еугур дуйней музыкæуарзгутæ, æ дессаги искурдиади фæрци дзæвгарæ фæгъгъæздугдæр кодта ирон музыкалон хæзнадонæ. Ахургонд, берæзонагæ адæймаг, Булат дæргъвæтийнæ рæстæг æхуæдæг цагъта ирон фæндурæй, адтæй концертмейстер, хъæбæр берæ ин бантæстæй музыкалон аййевади – ниффинста берæ зæрдæмæгъаргæ уадзимистæ. Уомæй уæлдай ма, æнтæстгинæй кодта наукон-зонадон æма педагогон куст дæр.

Уæлдай ахедгæдæр æй æ байвæрæн ахурадæмæ. Маэстро исаразта, ирон музыкалон културæ багъæуай кæнунæн устур агъаз ка фæцæй, уæхæн ахургæнæн киунугутæ: «Ирон фæндурæй цæгъдуни скъола музыкалон скъолати 1-2 кълæстæн», «Ирон фæндурæй цæгъдуни скъола музыкалон скъолати 3-5 кълæстæн», «Ирон фæндурæн пьесити æмбурдгонд».

Гæздæнти Булат берæ рæстæг адтæй, 2018 анзи ин æ ном кæмæн равардтонцæ, Адæмон инструментти еци национ паддзахадон оркестри аййевадон разамонæг æма дирижер.

Гæздæнти Гаппой фурт Булат æ дессаги агъазиау искурдиади фæрци ниууагъта ирд фæд ирон културы, национ музыки бунтæ багъæуай кæнун æма сæ райрæзуни гъуддаги. Æ дессаги алæмæти искурдиади фæрци æ ном игъустгонд æй еугур Уæрæсей дæр.

Разагъди æвæллайгæ фæллойнæгæнæг æма устур патриот Гæздæнти Гаппой фурт Булати ном æносмæ цæрдзæнæй Иристони цæргути зæрдити.

***Сергей МЕНЯЙЛО,***
***Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæуууæг,***
***ТУСКЪАТИ Таймораз,***
***Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Парламенти Сæрдар,***
***ДЗАНАЙТИ Барис,***
***Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Хецауади Сæрдар.***

**Æхсæзинсæй анзей размæ (1904 анзи 6 августи), хъæбæр берæ адæм си æрæмбурд æй, уотемæй Дзæуæгигъæуи сæрмагонд депойæй рацудæй электрон тухи фæрци цæуæг фиццаг трамвай.**



*Агъазиау æма алæмæттаг... Æндæр хузи исхонæн дæр нæййес Гизæлдонбæл Хъобанмæ хæстæг ци дони станцæ арæзт æрцудæй евгъуд æноси инсæйæймаг æнзти тæккæ райдайæни – 1934 анзи, уой. Еуемæй, е иссæй Цæгат Кавкази тæккæ фиццаг уæхæн арæзтадæ, иннемæй ба айдагъ Советон Цæдеси нæ, фал æнæгъæнæ Европи дæр тæккæ уæлиаудæр донхауæнтæй ка косуй, уæхæн. Косуй ма сауæнгæ абони уæнгæ дæр, уой хæццæ ба нæхе бæсти арæзт гæрзтæй. Цæгат Иристон электрон тухæй цидæриддæр дони станцитæ ефтонг кæн уй, уони зæронддæр уогæй, абони дæр ма æ зингæ хай хæссуй Фидибæсти еумæйаг энергетикон тухдæттæг систæмæмæ.*

*Æдзæстхезæй æй исхонун æнгъезуй алæмæти историон æвдесæн игон арви буни. Æ исаразуни хæццæ баст æнцæ берæ номдзуд лæгти нæмттæ.*

*Аци арæзтади туххæй кæддæр нæ газети мухур кодтан зундгонд æхсæнадон архайæг æма историон æртасæг Пагæти Хъазбеги (гъулæггагæн, абони не 'хсæн нæбал æй, рохсаг уæд…) финст уац.*

*Нæуæггæй ба 'й мухур кæнæн, цæмæй æй раздæр ка нæ бакастæй, етæ дæр æй бакæсонцæ абони, Гизæлдони гидроэлектростанцæбæл дæс æма цуппаринсæй анзи 30 июли ке исæнхæст æй, уой фæдбæл. Махмæ гæсгæ æрмæг æй цæмæдесаг.*

# Æ РОХСÆЙ РОХС ÆЙ ИРИСТОН



**Пагæти Хъазбег**
**(1937-2018),**
**æхсæнадон архайæг**

Гизæлдони ГЭС арæзт æрцудæй 1934 анзи, адтæй Цæгат Иристони нæ, фал Советон Цæдеси уæди рæстæги фиццаг уникалон æма историон арæзтædтæй еу, кæци æрхаста рохс нæ сахартæ æма гъæутæмæ, электрон тухæ лæвардта заводтæ æма фабриктæн, уой фæрци æнтæстгиндæр кодта сæ фæллойнадон архайд, сæ размæцуд фæййагъазиаудæр æй республики промышленности еугур къабæзтæн дæр, æхебæл исхуæстæй айдагъ Цæгат Иристони нæ, фал æнæгъæнæ Цæгат Кавказ адæмон хæдзарадæ дæр. Уой фæрци фæззиндтæй берæ нæуæг кустуæттæ æма косæн бунæттæ. Хуæздæр кодтонцæ адæми царди уавæртæ.

Æригон Советон Уæрæсей кæд æма Цæгат Иристонæй берæ устурдæр облæсттæ æма крайтæ, сæдæгай сахартæ адтæй, уони рази нæ минкъий Иристон гъудаг дæр нæ адтæй, уомæ гæсгæ ба уæхæн ГЭС мах республики исаразуни фæндæ хаст ке 'рцудæй, е Иристонæн адтæй кади гъуддаг.

Гизæли гъæусовети уæди сæрдар Пагæти Хасанбег куд радзурдта, утемæй нæ номдзуд лæгтæй еу, Цæгат Иристони индустриализаций фæдбæл хъæбæр ка бахъиамæт кодта, еци Баймæтати Циппу дони электростанцæ исаразуни туххæй æ курдиади хæццæ гъæусоветмæ ку 'рцудæй, уæд ин гъæусовет æма партион организаци зæрдæ байвардтонцæ фæййагъаз кæнунæй æма сæ дзурд æнхæст кодтонцæ.

Гизæли гъæуæй еци устур арæзтадæмæ, уæлдайдæр ба нæдти арæзтадæмæ æрвист æрцудæй берæ бæхуæрдунгинтæ, сæ фурразæнгардæй ма æргъуди кодтонцæ, сæ уæрдунти идзаг гуфитæ æнцонтæй рарevæдгæнæн ке фæрци адтайдæ, уæхæн фæрæзнитæ.

Цæмæй арæзтади куститæ æнтæстгинæй цудайуонцæ, уой туххæй имæ фиццагидæр исаразун гъудæй бацæуæнтæ, нæдтæ. Гъæуама си косгутæн цæрунæн æма косунæн цæттæгонд æрцудайдæ гъæугæ фадуæттæ æма мадзæлттæ.

Арæзтади генералон пълан æма проектмæ гæсгæ нæдтæ æма электролинитæ исаразуни фарста баст адтæй электростанций арæзтади хæццæ. Æма фиццагидæр бавналдтонцæ нæдтæ арæзуни гъуддагмæ. Арæзтади проекти амунд куд адтæй, утемæй сæ арæзун гъудæй Дзæуæгигъæуæй Гизæлмæ, Гизæлæй Хъобанмæ, уæдта Садони æрзæткъахæнтæмæ.

Гъæдгæройнаг Чехти Габола мин куд радзурдта, утемæй нæдтæ арæзуни гъуддаг байхæс кодтонцæ Уæллаг æма Дæллаг Санибай, Майрæмадаг, Дзиуаригъæу, Къодахджин, Хæтæлдон, Суадаг, Берæгъзæнгæ, Салигæрдæн (Алагир), Тæмиск æма иннæ гъæутæн.

Сæйрагдæр адтæй Дзæуæгигъæуæй Хъобани уæнгæ над, куд гæнæн æма амал адтæй, утæ тагъддæр исаразун, æма уобæл хъазауатон куст кодтонцæ надаразгутæ. Еци кустити дусвæлдæхтæй фæллойнæ кодтонцæ гизæйлæгтæй цалдæр бригади Цæгæрати Гацири разамундæй. Гизæли гъæусовети æма партион организаций унаффæмæ гæсгæ, арæзтадæмæ адæм æрветуни гъуддæгутæ барæгонд адтæнцæ Дойати Дзахцийæн, æма хъæбæр хуарз арæхстæй æ бæрнон ихæстæ æнхæст кæнунмæ. Надаразгути еу бригадæн арæхстгин разамунд лæвардта Цæллагкати Бицой фурт Никъала.

Хъæбæр ихæлд æма зинцæуæн адтæнцæ нæдтæ Дзæуæгигъæуæй Гизæлмæ, уæлдайдæр ба уарунбони. Сауæнгæ ма зар дæр адтæй еци нæдти æдзæллаг уавæрбæл, уæрдунгинтæ си куд гъезæмарæ кодтонцæ, уой туххæй. Уомæ гæсгæ надаразгути багъудæй уæлдай хъазауатонæй байархайун, цæмæй Дзæуæгигъæуæй Хъобанмæ нæдтæ куд тагъддæр арæзт æрцудайуонцæ – уæд арæзтадон æрмæг, æфсæйнаг æма æндон конструкцитæ, сæрмагонд хæйттæ пъланмæ гæсгæ афойнадæбæл бунатмæ ласт цудайуонцæ. Надаразгути иннæ бригадæн разамунд лæвардта Танхълати Никъала. Е дæр хуарз арæхстæй æ ихæстæ æнхæст кæнунмæ.

Над арæзт цудæй сæрмагондæй ставд æма листæг хурæй, еуæй-еу рауæнти ба фæлгонцгонд цудæй сæрмагонд дорæй. Гизæлгоми Елхъани æрдози арæзтадæн радех кодтонцæ сæрмагонд гъæди хай (делянкæ) æма уордигæй æфтауцæгонд цудæй гъæдæрмæг рæстæгмæ хæдзæрттæ арæзунæн. Уæхæн гъæди фæзуат хецæнгонд ку 'рцудæй, уæд арæзтади алли къабазæмæ дæр афойнадæбæл хъæртунгонд цудæй гъæугæ гъæдæрмæг.

Уæдмæ еци устур арæзтади фæззиндтæнцæ, косгутæн цæрæн хæдзæрттæ ка арæзта, уæхæн æрмдæснитæ. Арæзтонцæ син хæдзæрттæ радио æма рохси хæццæ. Арæзгутæн гъудæй хуæрæндонæ æма си уой дæр байгон кодтонцæ. Дзол æма æндæр хуæлцадон продукттæ имæ ласта Хадихъати Хадзибатæр æма уой разамундæй, Гизæли гъæуи «комбедæн» (Комитет бедноты – мæгурти Комитет) ци дзолфицæн адтæй, уордигæй Хъобани арæзтадæмæ афойнадæбæл хъæрттæй хуæрзадæ дзол. ГЭС-и арæзтади косгутæн байгон æй тукан дæр.

Гизæли игъустгонддæр лæгтæй еу, Танхълати Жоркæ (фæццардæй дууадæс æма цуппаринсæй анзи) куд дзурдта, утемæй ин еу бон æ уæрдуни цемент исæвардтонцæ 1050 кили, æма домбай бæх Хъобанмæ ку бахъæрттæй, уæд æ хед ракалдæй. Уой хигъдæхссæг Гæлуати Бадджери ку рауидта, уæд Жоркæмæ уайдзæфи хузи исдзурдта:

– Циуавæр хабар æй, бæхи цæмæ марис, кæд фæууидтæй бæхуæрдуни уойбæрцæ уаргъ æвæргæ?..

Изæри хæдзарæмæ цæугæй Жоркæ гъæдæй согтæ æ хæццæ раласта æма бабæй ибæл æгæр берæ цурхт рауадæй, æма æ фидæ Темурболат бæхи еци цъифæйдзагæй ку рауидта, уæд ин мæстгунæй загъта:

– Сæумæ еунæг бæх дæр мабал исефтиндзæ!..

Æма дуккаг бон кустмæ нæбал рацудæй. Зæронд лæг утæ бангъалдта, æма æригон биццеу бæхбæл æгæр берæ сог ке ниццурхта, уой тухxæй е утæ исхед æй. Цемент ибæл æгæр берæ ке 'рцурхтонцæ, уой ба Жоркæ гъæр дæр не 'скодта...

4

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ



Советон доги гъæууонхæдзарадон кустуæттæмæ æрветиуонцæ партион æма хецаудзийнади æндæр къабæзти бæрнон косгути – цæмæй сæ цæстæ дардтайуонцæ уоми гъуддæгути райрæзтмæ. Æма кæддæр, дан, Гъæдгæрони колхозмæ дæр нартихуар æфснайуни рæстæг партий обкомæй æрæрвистонцæ бæрнон лæг. Æ ихæс адтæй гъæуи цæргæй колхози сæрдарæн нартихуар тонуни куст хуæздæр райаразунæн агъаз кæнун.

Бæрнон лæг еу фæззигон сæумæ æ уати къæразгæй кæсуй, æма бæстæ уорс радардта. Æ уатæй рагæпп кодта тухстæй, æ уæледарæс ракодта æма тæлаф-тулуфæй колхози правлений балæудтæй. Сæрдар æма иннæ бæрнон косгути уоми байяафта, тургъи дæр берæ адæм æрæмбур æй. Сæрдарæй, колхозонæй – сæ еугурей катай дæр адтæй, нартихуари тиллæг мети буни ке фæцæй æма 'й куд æртононцæ, е. Обкоми бæрнон лæг сæмæ ракæс-бакæс кæнуй, естæмæй син ку фæййагъаз кодтайдæ, е æй фæндадтæй, фал цæмæй? Алли гъæуи цæрæг дæр æ гъæуи уавæртæ æхуæдæг хуæздæр зонуй… Фæстагмæ сæрдарæн уотæ бакодта:

– Цæмæй дæмæ фæккæсон? Кæми дин фæййагъаз кæнон, уой мин зæгъæ...

Сæрдар æй цума уингæ дæр нæ кодта, уоййау ин еуварсæрдæмæ кæсгæй, тухстæй уотæ зæгъуй:

– Ма мæ хъор кæнæ.

Æрцæуæг еци загъд дæр агъазбæл банимадта æма колхозонти сæхебæрæ ниуугъта.

Еци бæрнон лæг бæргæ зундгин разиндтæй. Фал нури хецаудзийнади бадгутæй ба беретæ, фулдæр хæттити гъуддæгутæн неци фæллæдæрунцæ, утемæй ба сæхе унаффæгæнæг искæнунцæ, раст загъдмæ не 'ригъосгæй ниффæрскъæ унцæ.



**Оксанæ ДМИТРИЕВА, Паддзахадон Думи депутат: «Паддзахадон Думæ, зæгъæн, къуæрей дæргъи ци закъонтæбæл исарази уй, уонæй æртæ-цуппар фæуунцæ зæранхæссæг…»**

* * *

Фæуунцæ знаггадæгæнгутæ, зæгъæн, будуртæн. Æма сæ нихмæ кунæггæнæг тох фæццæуй. Æма уомæ гæсгæ ба барадон будури, гъома, закъонтæ кæми арæзт цæунцæ, уоми дæр знаггадæгæнгути нихмæ, æвæдзи, гъæуй кунæггæнæг тох.



**Андрей ИСАЕВ, Паддзахадон Думи депутат: «Цийфæнди ку фæцъцъиллиппитæ кæнæн, уæддæр махæн (депутаттæн – Ред.) Фæллойни Бæгъатæри ном æгириддæр нæ цъетуй, æма е раст æй…»**

* * *

Никки растдæр ба е уидæ, æма депутаттæй æ комкоммæ ихæстæ гъæугæ хузи ка нe 'нхæст кæнуй, уæдта æ бартæй пайда кæнгæй æнæзакъон миутæ ка кæнуй, уонæн закъонмæ гæсгæ гъæугæ «ном» дæттун – æма «аргъ» кæнун.



**Сергей КАРГИНОВ, Паддзахадон Думи депутат Уæрæсей медгъуддæгути министрадæмæ ци финстæг барвиста, уоми хæссуй фæндæ, цæмæй, сæ фарсмæ мигранттæ цæруй, зæгъæ, ка фегъосун кæна, уонæн фист цæуа 100 мин соми.**

* * *

Уæхæн фæндæй пъæлицæгтæ устур таси куд бацæуонцæ: уойбæрцæ æхца райсуни зæрдтæй сæмæ цæйбæрцæ адæм ниххæррæт кæндзæнæй. Æма мигранттæ 'нцæ, зæгъæ, цъухтæ хæсдзæнæнцæ айдагъ фæсарæнтæй æрбацæуæгути нæ, фал Цæгат Кавкази, Идард Сибири адæмихæттити минæвæртти тухxæй дæр. Æнæзакъон миграций нихмæ æндæр хузи архайун гъæуй – уомæй алæмæти æхцатæ ка косуй, уони нихмæ тох кæнунæй. Æма е кæмæй арæзгæ 'й, етæ ба не 'змæлунцæ, уомæн æма, æвæдзи, беретæ си еци «кæвдæсæй» комидзаггæнæг æнцæ…

**Наукæ æма техники æскъуæлхт архайæг, берæ техникон алæмæти нæуæгдзийнæдтæ æргъудигæнæг Гассити Афанасийи фурт Виктори райгурдбæл 13 августи æнхæст кæнуй фондз æма авдинсæй анзи (1879-1962).**

***МАМСУРАТИ Сахангерий (1882-1936), советон паддзахадон архайæг: «Кадæртæ зæгъдзæнæнцæ: Советон хецауадæ, æвæдзи, рæдуйуй, уойбæрцæ æхца ке харз кæнуй аци гъуддагбæл (Гизæлдони ГЭС-бæл), уомæй. Адæмæй ма хъæбæр берæ ку ес æстонг, бæгънæг... Фал Советон хецаувадæ айдагъ аци бонбæл нæ, фал исонибонбæл дæр сагъæс кæнуй...»***

# Æ РОХСÆЙ РОХС ÆЙ ИРИСТОН




3 Хъæбæр берæ куст адтæй арæзтади æма си мингай адæймæгутæ фæллойнæ кодтонцæ. Еци арæзтадæ райдайуни размæ цæттæгæнæн куститæ, уæдта арæзтадон архайд æнхæстгонд цудæнцæ партий Цæгат Иристони обкоми разамундæй, уæлдайдæр ба обкоми уæди фиццаг секретарь Борухъуати Хъаурбеги фурт Хъазбеги устур хъæппæресадон архайди, е 'хседгæ зæрди хъаури фæрци.

Зæгъун гъæуй уой дæр, æма Гизæлдони ГЭС-и арæзтадæн берæ знæгтæ адтæй, аллихузи гадзирахат миутæй æ нихмæ ка архайдта, уæхæнттæ дæр. Цæгат Иристони арæзт ке цæуй, æвæдзи, уомæ гæсгæ имæ хъæбæр уазал цæстингас дардтонцæ Ростови Крайэнергой æма Мæскуй электропълани разамонгутæ, аллихузи рæуæнттæй æ нихмæ къулумпигæнæн архайд кодтонцæ. Уой фæдбæл æрхæсдзæнæн уæхæн дæнцæн. Цæветтонгæ, ГЭС-и проекттæ æма техникон смети гæгъæдитæ фиццаг исаразтонцæ Борухъуати Хъазбеги разамундæй бунæттон инженерти къуар, дуккаг хатт ба – Ростови Крайэнергой специалисттæ, уæдта Мæскуй инженерон къамис, гъома, лæмбунæгдæр сæбæл рагъуди кæнун гъæуй, цума хуæздæр гъæуагæ 'нцæ æма сæмæ æркæсун гъæуй, зæгъгæ, уой рæуонæй, æма гъе уотемæй рæстæг ивазтонцæ, цæлхдортæ æвардтонцæ арæзтади нихмæ. Сæйрагдæр цæлхдор ба адтæй е, æма Грознай хецауадæ фиццаг исарази æй, уæдта бабæй сæ нæбал фæндадтæй Гизæлдони ГЭС еумæйаг хъауритæй исаразун. Иннердæмæ ниццавтонцæ, уомæн æма 35% финансон фæрæзнитæ гъæуама бахастайуонцæ бунæттон хецауадæ, 65% ба – центрон хецауадæ. Уæрæсе рæуонæ кодтонцæ, нæхуæдтæ теплоэлектростанцæ аразунмæ гъавæн æма нин е фагæ уодзæнæй, нефти хауæццæгтæй ин артаг цæйбæрцæ гъæуй, уойбæрцæ уодзæнæй, æма нин асландæрбæл ниллæуддзæнæй, зæгъгæ, уой хузи.

Уæхæн миути фудæй арæзтадæмæ, куд гъæуй, уотæ æвнæлд нæ цудæй. Фал еци гадзирахат миутæн хъаурæгин нихкъуæрд лæвардта Борухъуати Хъазбег, е Мæскуй Цæгат Иристони минæвайради хæццæ æвæллайгæй архайдта Гизæлдони ГЭС-и арæзтади фарста ралух кæнунбæл, цæмæй 1927 анзи бæсти устур арæзтæдти паддзахадон пъланмæ хаст æма арæзтадæн финансон фæрæзнитæ дехгонд æрцудайдæ, уобæл. Æнцад нæ бадтæй дæргъæвсаг рауон-циуон лæг, дессаги искурдиади хецау Баймæтати Циппу дæр. Е 1926 анзи сæрди астæу рабалци кодта Мæскумæ æма æ дессаги курдиади хæццæ исмедæг æй Кремли, уоми фембалдæй ССР Цæдеси Еугурцæдесон Центрон Æнхæстгæнæг Комитети иуонг, Цæгат Иристони æнхæстбаргин минæвар Калоти Заурбеги хæццæ.

Фæууидта И.В. Сталини дæр æма уой унаффæмæ гæсгæ æ къохи бафтудæй М.И. Калинини агъазæй арæзтади гъуддаг исирæзун кæнун. Фал ма ибæл архайун гъудæй, æма Иристони номдзуд лæгтæ гъуддаг æрдæгбæл нæ ниууагътонцæ. Уой фæрци 1927 анзи майи ССР Цæдеси Фæллойни æма Гъæуайкæнуйнади Совет унаффæ рахаста Гизæлдони районы гидроэлектростанцæ исаразуни туххæй.

Æма 1927 анзи июни еци арæзтади тогдадзинттæ æмхузонæй искустонцæ, сæ еугур къабæзти дæр ерисæй куст байеудагъ æй. Никки ба ма Борухъуати Хъазбегæн æ къохи бафтудæй дессаги хуарз гъуддаг – байархайдта, цæмæй æй исхононцæ Еугурцæдесон хъазауатон арæзтадæ. Æма партий циргъзунд унаффи фæрци адæм, фæсевæд нæ бæсти алли къумтæй цудæнцæ Гизæлдони ГЭС-и арæзтадæмæ косунмæ – ка фæскомцæдесон путевки хæццæ, ка барвæндонæй, ка ба партион-фæскомцæдесон оргæнти фæдзæхстæй.

Гъе уотæ исирæзтæй, нæ ниххустæй Гизæлдони арæзтади цæхæр.

Уомæн æма ин æ арæзтадон зинг рахуссун нæ бауагътонцæ, æ тæккæ зиндæр æма ахсгиагдæр гъуддæгути архайдтонцæ историон адæймæгутæ – нæ бæсти разамонгутæ Иосиф Сталин, Вячеслав Молотов, Валериан Куйбышев, Калоти Заурбег, Борухъуати Хъазбег, Еугурцæдесон Центрон Æнхæстгæнæг Комитет, ССР Цæдеси адæмон комиссарти Совети уæлдæр разамонгутæ, ССР Цæдеси адæмон хæдзаради Совет.

Арæзтадæ æ тæмæни ку бацудæй, уæд Гизæли гъæусовети разамундæй Дойати Дзæхцеу фондзинсæй косæги рарвиста арæзтадæмæ, уæдта, дугай бæхтæ кæмæ адтæй, уæхæн бричкæгинти.

Берæ гъæдæрмæг фадуни кустæтæ, бон-æхсæвæ не 'ртасгæй æнхæст кодта Пагæти Майрæм. Гъæдæрмæг цæттæгæнæн кустити, уæдта скълади хецауæй си арæхстгин куст кодта Хъассохати Уасил. Арæзтадон æрмæгутæ, косæнгæрзтæ ефтонггæнæг адтæй Бæройти Валоди æма æ дæлбарæ косгути хæццæ сæ æнæкъулумпийæй ласта Дзæуæгигъæуæй.

Устур ахедундзийнадæ адтæй Барахъти Бимболати кустæн арæзтади. Механикон æрмадзи хецау уогæй, еугур мадзæлттæй дæр архайдта, цæмæй арæзтади техникон хæйттæ æма косæнгæрзтæ фагæ уа, æма уони фудæй куст къулумпи ма кæна. Цалхæй, брички гуфæй, сауæнгæ бæхи цæфхади уæнгæ арæзт æма цалцæггонд цудæнцæ Барахъти Бимболати разамундæй. Хонх къæрт кæнуни кустити хъазауатон фæллойнæ фæккодтонцæ Хъотайти Вано. Кæд еци кустити æ къох фæссахъат æй, уæддæр æ хуарз фæд ниууагъта арæзтади.

Ке зæгъун æй гъæуй, арæзтади берæ кизгæ фæсевæд куста Иристони алли гъæутæй. Æма уони 'хсæн уæлдай хъæппæресгиндæрæй æхе равдиста Цæллагкати-Колити Лимæ Ивани кизгæ. Е куста электрон тухдæттæн æма бетонæзмæнтæн агрегатбæл, æ еугур хъауритæй дæр архайдта, цæмæй арæзтади еугур къабæзтæмæ дæр электрон тухæ æнæкъулумпийæй цудайдæ, уæдта аразгутæ гъæуагæ ма æййафтайуонцæ бетонæй.

Арæхстгин политикон, гъомбæладон æма æхсæнадон куст фæккодта арæзтади косгути хæццæ Хъодзати Заурбег, куд Цæгат Иристони хецауади æрвист бæрнон лæг, уотæ. Е федаргонд æрцудæй ГЭС-и арæзтади постройкоми сæрдарæй. Дзæвгарæ адтæнцæ æ ихæстæ æма уони гъæугæ хузи æнхæст кæнуни фæдбæл агъазиау берæвæрсуг куст фæккодта. ГЭС аразгутæн, куд сæ кусти æма фæллад уадзуни рæстæг, уотæ сæ царди еугур хабæрттæмæ дæр æ цæстæ лæмбунæг дардта аци профцæдесон разамонæг. Мадта арæзтади еугур къабæзти дæр социалистон ерис парахат кæнун æма мæ берæ æндæр фарстатæ лух кæнун дæр ихæсгонд адтæнцæ Хъодзай-фуртæн æма сæ, куд æнгъезуй, уотæ æнхæстæй аразта.

Ахсгиаг адтæнцæ тъунел аразуни куститæ. Уой туххæй ци хуæнхон кустæтæ банхæст кæнун гъудæй, уонæн сæ еугуремæн дæр разамунд лæвардта Дзуццати Арсен, Хонсар Иристонæй. Дууæ бригадей косгутæй беретæ раздæр фæллойнæ кодтонцæ нæдти арæзтади. Тъунели кусти ма архайдтонцæ Гæджити Миха – Сунжæй; Коккуати Гæхæрман, Коккуати Адулгери, Мисиккати Джамбот – Дæллаг Санибайæй; Туати Микадæ – Хумæллæгæй; Дзгойти Асо, Кокойти Мæхæмæт, Царахати Хъайтухъо – Хъæнийæй; Туати Резо – Хонсар Иристонæй; Багати Уасо, Багати Гоцъийæ, Багати Виктор, Багати Самсон, Тибилти Никъала – Ногирæй; Цорæти Никъала – Заманхъулæй; Тæбæхсаути Валоди, Лекъти Александр – Æрæдонæй; Æлдаттати Мисост – Брутæй; Хъабанти Габола, Мамукъати Габоци, Хæбæлати Тæтæрхъан, Кочинати Роман – Ольгинскæй. 1930 анзи 26 июни тъунел къæрт кæнуни кустæтæ фæцæнцæ æма хуæнхаг гъæути цæргутæ цудæнцæ æ уинунмæ. Дессаг сæмæ кастæй, дууердигæй æй ке къахтонцæ Къæхтисæри æма Хъобани 'рдигæй æма сæ къохи куд бафтудæй еци æмæррæстæ искъахун. Нæдæр хæрдмæ, нæдæр фæрсæрдæмæ æгириддæр куд нæ фæррæдудæнцæ, е. Уомæй минкъий фæстæдæр, 1931 анзи ба фæцæнцæ дони мал аразуни кустæтæ дæр.

Къæхтисæри брензберги арæзтади кустити архайдтонцæ æмбесонди хъаури хецау Джиоти Микела, Торчинти Алигка, Дзбойти Абисал, Хъиргъати Урусби, Æхполæтти Савели, Æхполæтти Шамил, Андиати Петя, Абайти Гио, Гæбæрати Антъон, Гæбæрати Семен, Хугати Граф, Хугати Микела, Джелити Гришæ, уæдта Цорæти Ахполат. Къæхтисæри дони мал аразуни хъазауатон куст кодтонцæ Дегойти Алихан, Солтанти Уасил, Пурати Сослæнбег, Зассети Иналдихъо, Хугати Иван, Мкертумян Эдвин, Хъазити Дзантемур æма æндæртæ.

Электролинити арæзтади ерисон куст кодтонцæ Хадихъати Хазби (уæдта ма куста электрикæй сæйраг уæладзуги), Кундухати Гурица, Хъодзати Гайиши фурттæ Харитон æма Мишæ, Торчинти Урусби, Æлдаттати Тæтæрхъан,


**БАЙМÆТАТИ Циппу**


**Гизæлдони ГЭС-и арæзтади еу хай. 1934 анз.**




**Гизæлдони гидроэлектростанций туххæй дзоргæй, дессагæн уой дæр зæгъун гъæуй, æма арæзт ку 'рцудæй, уæд си ци фидибæстон агрегаттæ ниввардтонцæ, етæ уæдæй абони уæнгæ дæр ма æнæкъулумпитæй косунцæ!..**

Кудзиати Петр (уой фæсте куста ханхæхузæгæнæгæй техникон хайади), Голити Мурат, Махъоти Ханджери, Созæти Заурбег, Николай Шуваев, Гудиати Мурат. Сæ прораб ба адтæй Иван Бескоровойный, уой фæсте син прораб адтæй Торчинти Урусби. Сæйраг уæладзуги электрон косæнгæрзтæмæ зелуни рохс æма æндæр электрон куститæ арæхстгинæй æнхæст кодтонцæ хестæр электрик Коцойти Алихан, Огъуати Петя, Торчинти Хæмæтхъан, Хъодзати Урусби, Апати Сослан, Фидарати Михал, Гæджити Мæцихъо æма берæ æндæртæ.

ГЭС-и арæзтади алли къабæзти ма зæрдиаг куст фæккодтонцæ Дзуццати Асланихъо, Худиати Никъала, Цæруати Теболка, Цæруати Бабола, Цæруати Габола, Цæруати Нинæ, Джелити Мурад, Плити Хамурзæ, Цæбити Семен, Цæбити Къоста, Æмбалти Хаджумар, Дзебойти Созурухъо, Кодзурти Никъала, Уазити Увзихъо, Кодзурти Софья æма берæ æндæртæ.

Арæзтади косгути 'хсæн хъæбæр нимад адтæй сæ разамонæг Габолати Василийи фурт Давид, кодтонцæ ин устур аргъ. Е адтæй фиццаг инженер-энергетик Цæгат Иристони, каст фæцæй Мæскуй Баумани номбæл уæлдæр техникон училище.

Арæзтади 1930 анзи фæззиндтæй инсæй хуæдтолги æма еу трактор ХТЗ æма уой фæрци куститæ зингæ фæттагъддæр æнцæ. Арæзтади шофертæй косун райдæдтонцæ Джелити Костя, Джелити Гришæ, Чисиати Бобик, Æлдаттати Мисост, Хæбæлати Виктор, Хæбæлати Тæтæрхъан, Хæдзарæгати Тох, Мамукъати Габо, Дзампати Бимболат, Зугъутати Костя æма берæ æндæртæ.

Ардæмæ фæскомцæдесон путевкити хæццæ ка 'рбацудæй, еци æригон бицщеутæ æма кизгуттæй 350-400 адтæнцæ социалистон ериси хъазауатонтæ. ФЕЛКЦ-и Мæздæги райкоми путевки хæццæ аци устур арæзтади куста Юрий Андропов, зонетæ 'й, уой фæсте иссæй номдзуд паддзахадон архайæг, сауæнгæ СЦКП-ий Центрон Комитети Генералон секретарь дæр адтæй.

Мадта ма уой дæр зæгъун гъæуй, æма, аци арæзтади ци фæсевæд куста, уонæй беретæ иссæнцæ айдагъ Иристони нæ, фал æнæгъæнæ Советон Цæдеси номдзуддæр æма игъустгонддæр лæгтæ. Уони хæццæ æнцæ ССР Цæдеси адæмон артист Тæбæхсæути Бало, Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети раздæри ректор, профессор Цибирти Христофор, Советон Цæдеси Бæгъатæртæ Остати Алексей æма Карсанти Хъазбег æма ма берæ æндæртæ.

Арæзтади куститæ æнтæстгинæй цудæнцæ, уомæн æма си байгон æй скъола, æ директор иссæй Томайти Инал. Уоми фæсевæди ахур кодтонцæ косæги дæсниæдтæбæл, æма уотемæй цæттæгонд цудæнцæ амайгутæ, фæрстæ исæрдгутæ, малæртæ, пълотниктæ, электромонтертæ æма æндæр специалисттæ.

Еу инней фæсте ГЭС-и арæзтади сæйраг хæйттæ арæзт æма паддзахадон къамисмæ лæвæрд цудæнцæ: еугурей разæй – бренз-берг, уой фæсте, 1930 анзи 26 июни, тъунел, уæдта, 1931 анзи – дони бассейн, 1934 анзи ба – ГЭС-и сæйраг уæладзуг. Еци анз 30 июни эксплуатацимæ раттуни туххæй фæлваргæни хузи искосун кодтонцæ Гизæлдони гидроэлектростанцæ.

Цæгат Иристони автономибæл 1934 анзи дæс анзи æнхæст кодта, æма уой кадæн Гизæлдони ГЭС эксплуатацимæ раттуни фæдбæл арæзт бæрæгбони мадзæлтти архайунмæ Иристонмæ иссудæй ССР Цæдеси Центрон Æнхæстгæнæг Комитети сæрдар, Еугурцæдесон старостæ Михаил Ивани фурт Калинин. Хъобани уæд уй кадгин æмбурд арæзт æрцудæй, уордæмæ Иристони гъæутæй берæ адæм æрæмбурд æй, алкедæр фæндадтæй М.И. Калинини хæстæгмæ фæууинун.

Кадгин æмбурди радзубанди кæнгæй, М.И. Калинин устур арфæ ракодта ГЭС аразгутæн сæ хъазауатон кусти æма республики юбилеймæ устур лæвар ке бацæттæ кодтонцæ, уой туххæй.

Æмбурди фæсте электростанцæ искосун кодтонцæ æма Иристони хуæнхти æма кæмтти амонди рохс цирæгътæ иссугъдæнцæ.

Гизæлдони ГЭС адтæй ССР Цæдеси уæди рæстæги тæккæ уникалондæр техникон арæзтадæ, Советон Цæдеси адæмон хæдзаради фиццаг фондзанзон пълани арæзтадæ, уæдта ГОЭЛРО-й паддзахадон пъланмæ гæсгæ дæсфинддæс анземæ дæс æма инсæй районемæн ци электростанцитæ исаразунмæ гъавтонцæ, уонæй фиццаг дони электростанцæ.

Гизæлдони ГЭС промышленнон эксплуатацимæ лæвæрд æрцудæй æма промышленнон уавæри косун райдæдта 1934 анзи 25 сентябри.

Баймæтати Циппуй бæлдæ тæмæнтæ искалдта хуæнхти гъæбеси æма, дæсгай æма дæсгай æнзти дæргъи адæмæн хæссуй амонди рохс.

## АГЪАЗИАУ ÆМА АЛÆМÆТТАГ...

Гизæлдони системæмæ хорбони ку фæцæйцæуай, уæд адæймагмæ уотæ фæккæсуй, цума аргъæутти дуйнемæ бахаудтæ. Деденвæлуст игуæрдæнтæ, æртевгæ цъететæ, æнæбун цъæх арв дæлгоммæ фæлдæхтæй, æвдадзи хуаси хузæн уæлдæф…

Куд фæстæмæ фæтæнтæ унгæггæнгæ цæунцæ æма авги хъурау нарæг рауæнмæ бафтуйуй адæймаг, гъе ами æрæнцадæй инженерон гъуди бæрзонддæр исфæлдесæнтæй еу. Аци рауæн дони тухæй косæг электростанцæ исаразуни фæндæ – еума хатт æй баханхæ кæнæн – фиццагидæр бахаста 1914 анзи Баймæтати Циппу. Æнахур адæймаг худтонцæ хумæтæг хуæнхаг цæрæги адæм, е ба уæддæр æ гъудибæл федар хуæстæй – дзурдта, донхауæн Пуртæн ес, фæстæмæ куд раздæхса, уотæ исаразæн æма лæггадæ кæндзæнæй адæми пайдайæн.

Циппуй гъуди æндонау федар адтæй. Æнæгъæнæ Дæргъæвси тæккæ хуæздæр куройнæ исаразун уомæн бантæстæй. Уæдта фæстæдæр уæддæр ка фæззиндтæй, еци электростанцæн ци схемитæ исараста, етæ дæр дзорæг адтæнцæ, æцæгæйдæр ами уæхæн станцæ исаразæн ке ес, уобæл.

Аразун ба 'й райдæдтонцæ 1927 анзи (ГОЭЛРО) ке худтонцæ, еци пъланмæ гæсгæ. Еци къамис куста В.И. Ленин ци къамис исфедар кодта, уой разамундæй. Уомæ гæсгæ Гизæлдон нимайун æмбæлуй историон циртдзæвæнбæл.

Æнæ экскаватортæ, уæзæгтæ есæн кърантæ æма сæрмагонд техникæй пайда кæнгæй, мингай советон адæмтæ хумæтæг белтæ, къахæнтæ æма ломтæй аразтонцæ, берæ рæстæгутæ ка фæллæудзæнæй æма адæмæн рохс ка дæтдзæнæй, уæхæн станцæ.

Уæд цума цæбæл æуууэндтæнцæ адæм?

Æуууэндтæнцæ сæ рохс æма рæсугъд исонибонбæл. Электростанцæ 1934 анзи ку исцæттæ 'й, уæд æ байгон кæнуни бон Иристонмæ иссудæй, Еугурцæдесон Цетрон æнхæстгæнæг Комитети Сæрдар Михаил Калинин (нæ бæсти дзиллæ 'й уарзонæй Еугурцæдесон старостæ худтонцæ).

Устур Фидибæстон тугъди рæстæг ба еци электростанцæ иссæй æнæгъæнæ Советон Цæдес гъæуай кæнуни ахсгиаг фæрæзнæ. Немуц ибæл еу æма дууæ хатти бомбитæ не 'ркалдтонцæ, фал е уæхæн рауæни адтæй, æма ин сæ бон неци бацæй. Евгъуд æноси 50-аг æнзти дæр ма Гизæлдони донуати иссирдтонцæ, ка нæ фехалдæй, уæхæн бомбæ. Еци уæззау рæстæгути дæр станцæ æнæрлæугæй электрон тухæ лæвардта Грознай нефтцъирæн кустуæттæн, республики госпитæлтæ æма завод «Электроцинк»-æн. Уоми ба аразтонцæ аллихузон тохæнгæрзтæ, фронтæн гъæугæ тугъдон æхсæн дзаумæуттæ. Знаги нихмæ тох кодта еугур Иристон дæр, уой хæццæ ба Гизæлдони электростанцæ дæр. Электрон тухæй ефтонг кæнуни Цæгат Иристони хайади директор **Тотрати Витали** куд зæгъуй, уотемæй абони ами ци агрегаттæ косунцæ, уонæн сæ косуни æмгъуд раги райевгъудæй, фал ма уæддæр æнæкъулумпийæй æнхæст кæнунцæ сæ нисанеуæг, дæттунцæ ток. Æ бон æй Æрæдони асæ сахар электрон тухæй ефтонг кæнун. Косгутæ нин куд радзурдтонцæ, уотемæй станци цидæр минкъий æййевæн хæйттæ баййивтонцæ, уæдта ма исаразтонцæ еуæрсти донидзаггæнæн къанау, капиталон æгъдауæй ба 'й гъæуама исцалцæг кæнонцæ 2027 анзи. Нур ба бал станцæн æхе æмдогон агрегаттæ гур-гурæй косунцæ. Еци æнæкъулумпи куст æй, ци специалисттæ си куста раздæр æма нур дæр косуй, уони уодуæлдай фæллойни фæрци.

Гизæлдони гидроэлектростанций 90-анзон юбилейи фæдбæл ами æрæги арæзт æрцудæй цитгингæнæн мадзал. Сæ бæрæгбони фæдбæл син райарфæ кодта нæ республики сæргълæууæг **Сергей Меняйло**.

Арфи тел ба бакастæй нæ республики цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради министр **Тамати Майрæн**:

– Арфæ уин кæнун, Гизæлдони электростанцæбæл 90 анзи ке исæнхæст æй, уой фæдбæл! Е дзæвгарæ рæстæг æй нæ бæсти рагондæр станцитæй еуемæн. Устур цау адтæй æ рæстæги уæхæн ахсгиаг æма æнæмæнгæ гъæугæ станций исарæзт айдагъ Иристонæн нæ, фал еугур Уæрæсейæн дæр. Электростанцæ арæзт цудæй уæззау æма нæхъæртон уавæрти, фал гъæддух адæмæн æмгъудмæ бантæстæй арæзтадон пълан царди рауадзун, – загъд адтæй арфити.

Мах дæр æхцæуæнæй арфæ кæнæн Гизæлдони гидроэлектростанций коллективæн æма син зæгъæн, цæмæй сæ цардæй æма сæ фæллойнæй сæ зæрдитæ уонцæ уотæ рохс, етæ адæми цардиуагæ сæ хъазауатон кустæй куд рохс кæнунцæ, раст гъе уотæ!

* * *

*Къари: Гизæлдони гидроэлектростанцæбæл 90 анзи ке исæнхæст æй, уой кадæн «РусГидро»-й Цæгат-Иристойнаг хайади гидроэнергетиктæ исаразтонцæ хæрдмæфæццуд, æ бæрзæндæ 2050 метри кæмæн æй, еци Тбау хонхмæ. Уоми ба бафснайдтонцæ исонибони гидроэнергетиктæн нистауæни æфсæн капсулæ – гъæуама 'й байгон кæнонцæ дæс æма дууинсæй анзей фæсте, 2074 анзи.*



*ХЪАРАТИ Ибрагим (1912-1942) поэт, Устур Фидибæстон тугъди архайгæй, фесавдæй æбæрæгæй: «Тугъдон гъуддаг, æвæдзи, æнæуой граждайнаг цардæй минкъий æндæрхузон æй. Рæвдзæ архайун гъæуй, хъаурæгин æма арæхстгин ун – етæ гъæуама уонцæ тугъдони сæйрагдæр менеугутæ… Æфсади рæнгъити фулдæр æнцæ уæхæн адæм…»*

# ÆХСАРГИН ТУГЪДОН АДТÆЙ ÆХСАРБЕГ



ЕДЗАТИ Æхсарбег

**Едзати Æхсарбеги цардвæндаги тухxæй куд фулдæр хабæрттæ зонгæ цудтæн, уотæ мæ зæрдæбæл ахиддæр æрбалæууиуонцæ е 'мгъæуккаг, зундгонд поэт Тетцойти Таймораза æмдзæвгитæй еуей мæнæ ауæхæн рæнгъитæ:**

***Уæхæн хуæдæфсæрмæ нин адтæ, уæхæн,***
***кæци æ гъæр дзурдæй тæрсидæ зæнхæн:***
***кæци æхе коййæй, æ рæсугъддзийнадæй***
***æфсæрми кæнидæ цума æ фегадæй.***

***Хатгæй бацæуинæ де 'нгарти стур цардмæ,***
***даргъ балций цума – æндæр бæсти идардмæ;***
***цума еу хæдзарæй иннемæ зингор –***
***цудтæн еу хæдзарæй иннемæ зундгор.***

***Ку уодгæ, ку гъæугæ курдтон си дæ цау.***
***Ку ходгæ, ку кæугæ дзурдтонцæ дæ цард.***
***Цудтæн сæ зин нæдти хæрдити, сурх метти,***
***сугъдтæн сæ зинг фæтти æртити, æхсетти.***

Аци зæрдтагон зæгъуйнæгтæ Тетцой-фурт æ фиди тухxæй ниффинста, фал нæмæ уотæ кæсуй, цума раст уодзæнæй Едзати Æхсарбеги тухxæй дзубандий сæ ку бафтауæн, уæд. Кадæриддæр æримисуй аци хъиамæтгун адæймаги, уонæй алкедæр алцæй раззæй дæр ракой кæнуй æ хуæдæфсарми, æ хуæрзæгъдаудзийнади тухxæй. Уоййасæбæл дзорагæ дæр, дан, нæ адтæй, æма ин æ цардвæндаги, уæлдайдæр ба, тугъди ку адтæй, уæди хабæрттæ бæлвурдæй æма æнхæстæй нæ зудтонцæ сауæнгæ æ хеуæнттæ дæр æма æмдзæуинтæ-æмгустгæнгутæ дæр. Уотемæй ба, ци радзурдтайдæ, уæхæнæй ба æ намусгин цардвæндаги хъæбæр берæ адтæй… Хуарз æма æ фæсмæрдæ Киристонгъæуи Цæголти Геуæргий номбæл историон-мемориалон музейи разамонæг Лолати Батрази хъиамæтæй уагъд æрцудæй хецæн киунугæ Едзайфурти тухxæй.

Мах дæр абони имисæн бæгъатæри рохс ном, æ райгурдбæл сæдæ анзи ке исæнхæст æй, уой нимайгæй, æма мухур кæнæн мæнæ аци æрмæг.

* * *

Едзати Александри фурт Æхсарбег райгурдæй Киристонгъæуи 1924 анзи 25 июли зæнхкосæги хæдзари. Ами 1942 анзи каст фæцæй фиццаг астæуккаг скъола. Куд фæскомцæдесон, уотæ, Райгурæн бæстæ фашистон æрдонгти нихмæ мæлæтдзаг тох ку кодта, уæд æнцад куд бадтайдæ. Æма еци хуæрзæригонæй Сурх Æфсади рæнгъитæмæ бацудæй 1942 анзи 15 июли барвæндонæй. Æ хестæр æнсувæр Зелимхан каст фæцæй Харькови æфсæддон фестæг училище, тугъди будурмæ рандæй æма си уæди уæнгæ хабар нæ адтæй. Уæззау рæстæги хестæр æнсувæри баййевун æхецæн ихæсбæл банимадта Æхсарбег æма иссæй Орджоникидзей дуккаг æфсæддон училищей курсант.

Карз æма тæссаг уавæр исæвзурдæй 1942 анзи августи. Немуцаг-фашистон æрбалæборгутæ еци лæборæги архайдтонцæ сахар Дзæуæгигъæу байахæссунбæл, цæмæй ардигæй ба бампурстайуонцæ Грознай æма Бакуй нефтмæ. Ахур нæма фæцæй, уотемæй Æхсарбег курсантти дæлкъуари хæццæ еумæ ислæудтæй нæ Иристони сæйраг сахар знагæй багъæуай кæнунмæ. Æверхъау тугъдтити фæсте Сурх Æфсад немуцаг-фашистон æрдонгти фæстæмæ сорун ку райдæдта, уæд хайади командир уогæй, Æхсарбег архайдта Цæгат Иристони, Кæсæг-Балхъари, Стъараполи, Краснодари крайти сахартæ æма гъæутæ уæгъдæ кæнунбæл тугъдтити.

Ци хуарзæнхитæ ин лæвæрд æрцудæй, уони гæгъæдитæ ку кæсай, уæд бæлвурдæй разиндзæнæй æ уодуæлдай тох фашистти нихмæ. Уæлдæр командæгæнæг И.В. Сталини зæрдибун арфитæ, Едзай-фуртæн лæвæрд æрцудæнцæ сахартæ Керчь, Севастополь, Будапешт уæгъдæ кæнгæй бæгъатæрдзийнадæ ке бавдиста, уой тухxæй. 1941 анзи 14 мартъий ба сурхæфсæддон-æсгарæг Едзати Æхсарбег æвдист æрцудæй, цæмæй ин Намуси 3-аг къæпхæни орден лæвæрд æрцудайдæ. 1944 анзи декабри ба Едзай-фурт æ алæмæти бæгъатæрдзийнади фæдбæл хуарзæнхæгонд æрцудæй Намуси 2-аг къæпхæни орденæй.

Устур Фидибæстон тугъди кæрон Æхсарбеги æрæййафта Чехословакий зæнхæбæл, фал уобæл нæ рахецæн æй æ тугъдон над: Æхсарбег архайдта милитаристон Японий нихмæ тугъди дæр æма уоми дæр æхе равдиста бæгъатæр æфсæддонæй.

Едзай-фуртæн 1946 анзи мартъий гвардий болкъон Соколов равардта еума дууæ паддзахадон хуæрзеуæги – Германий æма Японий фæууæлахези фæдбæл нисангонд дууæ майдани, еци анз е 'фсæддон билети финст æрцудæй: «Уæгъдæгонд цæуй Сурх Æфсади рæнгъитæй ССР Цæдеси Уæлдæр Советы Указмæ гæсгæ».

Едзати Æхсарбег исæздахтæй æ райгурæн Иристонмæ æма æ дустæ арф бахадта тугъди азарæй ихæлд хæдзарадæ, куд фæззæгъунцæ, æ къæхтæбæл ислæууун кæнунмæ. Аллихузи куститæмæ дæр рæвдзæ адтæй: ветеринарон фельдшер, гъонгæс, гъæдфадæг, аразæг, евгъуд æноси æхсайæймаг æнзти Дигорай сæкæри заводи косæг, уой фæсте ба бацудæй Чермени гъæуи профессионалон-техникон училищемæ, райста тракторист-машинисти дæсниадæ.

Фæстæдæр цардæй æма куста Секери. Берæ æнзтæ ку рацудæй, уæд бæгъатæри иссирдта æ еума бæрзонд хуæрзеуæг дæр: Сурх Стъалуй орден. 1996 анзи Уæрæсей Федераций гъæуайкæнуйнади министри бардзурдмæ гæсгæ Едзати Æхсарбег хуарзæнхæгонд æрцудæй «Намуси» фиццаг къæпхæни орденæй. Фал уой, гъулæггагæн, æхе цæститæй нæбал фæуyуидта – бæгъатæр æфсæддон æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй 1992 анзи 10 январи. Устур кади хæццæ 'й байвардтонцæ Секери уæлмæрдти.

Едзати Æхсарбегæн байзадæй æртæ фурти Аслæнбег, Сослæнбег, Геуæрги, дууæ кизги Зойæ æма Галинæ сæ фиди цитгин ном кадæ æма радæй хæссæг цæуæт, уæдта уони кæстæртæ. Цæгат Иристони ДОСААФ-и раздæри сæрдар, авиаций инæлар-майор Бедойти Руслани (1947-2020) имисуйнæгтæмæ гæсгæ, киунугæ «Кавалеры ордена Славы трех степеней» ку цæттæ кодтонцæ, уæд уой аразгутæ æма редактортæ нæ зудтонцæ Едзати Æхсарбеги тухxæй бæлвурд хабæрттæ, сауæнгæ ма сæмæ æ хузæ дæр нæ адтæй.

– Æма уæд æз мæхецæн ихæсæн банимадтон еци хабæрттæ, цæйбæрцæ гæнæн æма æмал ес, уой исбæлвурд кæнун,– дзурдта Руслан. – Агоргæ-агоргæй бафтудтæн Ирæфи райони Секери гъæумæ. Ами æ царди фæстаг бæнттæ рарвиста Едзати Æхсарбег. Æ бийнонтæ мин цæстуарзонæй мæ размæ æрæвардтонцæ æ документтæ, архивон гæгъæдитæ, ордентæ æмæ æндæр хуæрзеугутæ.

Ноябри 2002 анзи ба Едзати Æхсарбеги хæдзарæбæл исæмбалдæй устур фидбилиз: гази балон фехалдæй æма бæгъатæри бийнойнаг Венерæ Сандрой кизгæ фæммард æй, басугъдæнцæ документтæ, хузиститæ, хуарзæнхитæ.

Ниххатир нин кæнæ, Салдат!

Зундгонд куд æй, уотемæй Намуси орден исфедар кодтонцæ 1943 анзи. Намуси ордени æнхæст кавалертæ иссæнцæ 2631 адæймаги. Едзати Æхсарбегæн æртиккаг къæпхæни орден æ номер 14686 лæвæрд æрцудæй, фиццæгти хæццæ. Дуккаг къæпхæни орденæн ба æ номер æй 8845.

Æхсарбеги ка зудта, етæ абони дæр дес кæнунцæ: куд хебæлхуæцгæ, куд ездон æма мадзора адтæй, уæлдайдæр ба иннетæ тугъди хабæрттæ ку кæниуонцæ, уæд.

Едзати Æхсарбег махæн æй нæ сæрустурдзийнадæ, нæ кадæ, нæ намус, уæдта ма нæ рист. Уойбæрцæ фæццæрæд дæ размæ лæг æма ин ма базонæ æ тугъдон нæдти арф фæд, æ уоди рист, æ зæрди катайтæ. Хумæтæг, сабур, мадзорайæй фæццардæй не 'хсæн, некæд растудта æхе, æ тугъдон хабæрттæй æхе нæ имонау кодта… Æрæстæфæг ба 'й нæ фæцæй…

Ниххатир кæнæ хъиамæтгун тугъдон æма Фæллойнæгæнæг… Ниххатир кæнæ, дæ уодæгасæй дин дæ хъазауатон фæллæнттæн æнхæстæй арфæгонд ке не 'рцудæй.

Хуарз æма ин нур аккаг кадæгонд цæуй. Киристонгъæуи Кади Аллейи æвæрд æй æ бюст. Аци сахари, кæми райгурдæй, еци цæрæни хæдзари фарсбæл ма ин сагъд æрцудæй къæйдорæй конд мемориалон фæйнæг. Дууæ анзей размæ ба Чиколай уæлбилæ Уæлахези парки, Намуси фæзи æвæрд æрцудæнцæ сæ бюсттæ Советон Цæдеси Бæгъатæр Махъоти Алиханæн, Намуси ордени æнхæст кавалертæ Калати Симонæн, Юрченко Иосифæн æма Едзати Æхсарбегæн. *(Еци дууæ цауей фæдбæл арæзт мадзæлттæй къартæ мухур кæнæн дæлдæр).*

* * *

Едзати Æхсарбеги тухxæй мæ дзубанди хумæтæги нæ райдæдтон æмдзæвгæй. Цæветтонгæ, Киристонгъæуи æ райгурæн цæрæнуати хæдзари фарсбæл мемориалон фæйнæг игон кæнуни мадзали архайгутæй еу, Едзати Эмилия бакастæй æмдзæвгæ «Уæлахези Бон». Еци хабармæ гæсгæ бабæлдтæн, Едзати Æхсарбеги тухxæй нæ поэттæ æмдзæвгитæ, нæ зартæгæнгутæ ба зартæ ку исфæлдесиуонцæ, уæд е куд хуаз уидæ, уомæ. Уадзæ æма æ намуси æносондзийнади хузæн етæ дæр фæлтæрæй-фæлтæрмæ нæронцæ…

***Æрмæг мухурмæ бацæттæ кодта***
***ХЕКЪИЛАТИ Маринæ***






**Алли анз дæр сухи мæйи (августи) фиццаг хуцаубони нæ бæсти бæрæггонд фæццæуй æфсæнвæндаги косæги Бон. Зæрдиагæй арфæ кæнæн аци къабази фæллойнæгæнгутæн!**

***ДЗАДТИАТИ Тотурбег (1910-1984) финсæг, Устур Фидибæстон тугъди архайæг: «Нæ кæстæртæ!.. Зонетæ æма аккаг аргъ кæнетæ уæ фидтæлти устур тугъдон æма фæллойнадон намусæн, багъæуаги рæстæги сæ фæнзетæ æма бæрзонддæр даретæ уæ фидтæлти цити туруса!.. Кæддæриддæр уотæ къæрцгъос, уæ зунд æма уæ хъаурæбæл макæд ауæрдетæ Райгурæн бæсти сæрбæлтау!..»***



# ÆГÆРОН УАРЗТÆЙ УАРЗТА Æ ФИДИБÆСТÆ, РÆСТУОДÆЙ ИН ЛÆГГАДÆ КОДТА...

Нæ интеллигенций номдзуддæр минæвæрттæй еу адтæй æфсæддон, историк, ахургæнæг, адæмон исфæлдистадæ æмбурдгæнæг **Темурхъанти Сослан** (æ аргъуди ном – Вано). Е райгурдæй 1881 анзи Мæздæги Темурхъанти Гаврили æма Гæбути Екатерини хæдзари, зæнхкосæг бийнонти 'хсæн. Сослан адтæй æхсæз сувæллоней хестæр. Æрдзæй зæрдæргъæвд биццеу фиццаг райста хæдзарон ахурадæ. Уой фæсте каст фæцæй реалон скъолай æхсæз къласи. 1901 анзи ахур кæнунмæ бацудæй Тифлиси юнкерти училищемæ. 1904 анзи майи ахур фæцæй, райста подпоручикки цин, уотемæй æй рарвистонцæ Георгиевски резервон батальонмæ.

1904-1905 æнзти уруссаг-япойнаг тугъд ку райдæдта, уæд æригон афицер ракурдта, цæмæй æй рарвистайуонцæ Нæуæггермайнаг 10-аг фестæгæфсæддон полкмæ æма тохæг æфсади раззаг рæнгъити фæцæй сауæнгæ тугъди кæронмæ. Сослан æ лæгдзийнадæ æма бæгъатæрдзийнади туххæй хуарзæнхæгонд æрцудæй Сугъдæг Анни 4-аг къæпхæни орденæй. Тугъди фæсте, Иристонмæ исæздæхгæй, архайдта 1905-1907 æнзти революцион змæлди. Уой фæсте Сослан фæстæмæ рандæ 'й æ полкмæ Тулæмæ. Революцион змæлдбæл арази ке адтæй, уой зæгъæн ес, Сослани радзурд «Минас» бакæсгæй. 1908 анзи ин исаккаг кодтонцæ поручикки цин. 1910 анзи иссæй штабс-капитан. Фиццаг дуйнеуон тугъди райдайæни æй рарвистонцæ 9-аг Кавказаг фестæгæфсæддон полкмæ. Тох кодта турккæгти нихмæ, уой фæсте архайдта австрийаг-германаг тугъди. 1914 анзи ин исаккаг кодтонцæ капитани цин, 1915 анзи ба – дæлболкъони цин. Еци тугъди дæр бабæй Сослан равдиста устур æвзугъддзийнадæ æма лæгдзийнадæ. Исхуарзæнхгин æй кодтонцæ Сугъдæг Владимири 4-аг къæпхæни орденæй æма сæрмагонд нисани хæццæ æхсаргардæй.

Сослани хуæрæ Саши имисуйнæгтæмæ гæсгæ, е 'нсувæр идарддæр службæ кодта Мæздæги, Батуми, Одесси, Львови, Кисловодски æма æндæр рауæнти. Райдæдта медтугъд. 1918 анзи кæрони Терки облæстмæ бампурстонцæ Деникини æфсæдтæ. 1919 анзи 11 феврали Сурх Æфсад ниууагъта сахар Дзæуæгигъæу. Темурхъанти Сослан нæ бакумдта Деникини æфсади службæ кæнун, рандæ 'й Дагестанмæ æма уоми куста Хуæнхон хецауади. Фæстæдæр æй рарвистонцæ Дуккаг ирон батальонмæ, службæ кодта сахар Минеральные Водый. Бархеуонти æфсад ку раздахтæй, уæд Сослан фæстæмæ æрцудæй Дзæуæгигъæумæ æма косун райдæдта Хуæнхон Наркомпроси. Æ ихæс адтæй уруссаг æвзагæй ирон æвзагмæ киунугутæ тæлмац кæнун. Хъæбæр хуарз зудта ирон æвзаг. Бакуста дууæ мæйи. Дзæуæгигъæумæ Сурх Æфсад ку æрбаздахтæй, æма раздæри афицерти æхсун ку райдæдтонцæ, уæд Сослан рандæ 'й хонхмæ æма уоми æмбурд кодта этнографион æрмæг.

Сосланæн федар бастдзийнæдтæ адтæй Ирон историон-филологон æхсæнади хæццæ. Æ кизгæ Людмили æнæфæуд кандидатон диссертаций финст адтæй уæхæн дзурдтæ: «Ахсгиаг куст конд æрцудæй адæмон исфæлдистади уадзимистæ бамбурд кæнунбæл. Æхсæнадæ Иристони гъæутæмæ æрвиста æ активондæр косгути, ирон æвзаг æма æ адæми евгъуд цард хуæздæр ка зудта æма уарзта, уони (Гарданти Михал, Темурхъанти Сослан, Æмбалти Цоцко, Туйгъанти Михал æма иннети). Еци рæстæги раззагдæр интеллигенций минæвæрттæ Дзагурти Губади, Дзанайти Иван, Бекойти Г. æма æндæртæ хуарз зудтонцæ Темурхъанти Ваной (Сослани). Æлборти Барисбий ба адтæй æ хуарз æрдхуард æма ин устур аргъ кодта æ арф зонундзийнæдтæн».

1921 анзи Советон хецауадæ амнисти ку раседтæй, уæд Темурхъанти Сослан æрбаздахтæй Дзæуæгигъæумæ. Косун райдæдта Иристони ахуради хайади ЛИТО-ий. Адтæй финсгути æма тæлмацгæнгути хайади иуонг. ЛИТО æхгæд ку 'рцудæй, уæд Сослан куста Адæмон рохсади комиссаради Хуæнхон типографий ирон æвзаги корректорæй. 1923 анзи Хуæнхон ОГПУ-ий унаффæй Сосланæн Дзæуæгигъæуи цæрун æма косуни барæ нæбал адтæй. Мæздæгмæ цæунвæндæ искодта, æма ин Ирон историон-филологон æхсæнадæ бабарæ кодта, цæмæй æртасун райдайа ирзонæн фарстатæ – Мæздæги æма Кубани цæрæг ирæнтти туххæй аллихузон бæрæггæнæнтæ æмбурд кæнун (сæ цæрæнбунæттæ, цæргути нимæдзæ, культурон уавæр, ахурадæ), уæдта ма адæмон исфæлдистадæ финсун. Еци ахсгиаг ихæс Сослан исæнхæст кодта зæрдиагæй.

Фæстæдæр Сослан цæрæнбунатæн равзурста сахар Кисловодск. Ами дæр зæрдæмæдзæугæ куст не 'ссирдта. Сослан уарзта Иристон, фæндадтæй æй Иристони цæрун, косун, ирон адæмæн хуарзи цæун. Фал ин æвардтонцæ цæлхдортæ. Фæстагмæ разиндтæй уæхæн адæймæгутæ, советон хецауади нихмæ архайунбæл æй ка ардудта. Нæ син бакумдта, ирон адæм Советон хецаудзийнади фарс æнцæ, æма мæ адæми нихмæ куд рацæуон, зæгъгæ, син равардта цæхгæрмæ дзуапп.

Дзæуæгигъæуи цæруни барæ ин нæуæгæй равардтонцæ 1925 анзи 25 январи. Еци анз феврали балæвардта курдиадæ ЕК(б)П-ий облæстон комитетмæ, Советон хецауади национ политики хæццæ арази ке æй, æма 'й ке фæндуй косун Иристони хуарздзийнадæн. 27 феврали Сослан райдæдта косун ирон æвзаги ахургæнæгæй Ирон педагогон техникуми, Æфсæнвæндаги скъолай æма Ирон педагогон институти рабфаки. Е 'нæзæрдихудт кусти туххæй 1925 анзи финста газет «Власть труда». Фал бабæй ин Советон хецаудзийнади нихмæ архайгутæ райдæдтонцæ æ цард змæнтун, циуавæрдæр Базали ин æ къох бафинсун кодта цидæр мæнгæ гæгъæдибæл.

1925 анзи мартъий Темурхъанти Сослани æрахæстонцæ, контрреволюцион куст кæнуй, зæгъгæ, рæуонæй. Бæргæ ма финста ахæстдонæй, цæмæй æй фæййервæзун кæнонцæ, æ адæмæн лæгъузæй ке некæд неци ракодта. Фал игъосæг нæ фæцæй, рæстзæрдæ, æвудæй æфхуæрд лæгмæ. Аст мæйемæй фулдæр фæббадтæй ахæстдони æнæ тæрхонæй. Иристони облæсти Адæмон ахуради хайадæй фæййагъази туххæй ма уæхæн гæгъæди дæр бæргæ æрбарвистонцæ:

*«Настоящим Северо-Осетинский Областной ОНО удостоверяет, что гр. Темирханов Сослан известен в осетинской литературе, как автор истории осетинского народа на осетинском языке, собиратель памятников народного творчества Осетии и переводчик на осетинский язык. Гражданин Темирханов известен кроме того, как хороший знаток осетинского языка. До своего ареста гр. Темирханов Сослан занимал должность преподавателя осетинского языка. Исходя из изложенного Северо-Осетинский Областной ОНО полагает, что он и в дальнейшем может быть полезным осетинской переводческой литературе.*

*Зав. Сев. Осет. Обл. ОНО Дзагуров.*

*Секретарь Джанаев».*

Фал байрæги æй. Сослани гъуддагмæ кастæнцæ Ростови, æма ин ОГПУ рахаста маруни тæрхон. Фехстонцæ 'й 1925 анзи 11 декабри. Паддзахади номæй архайæг æверхъау фудгæнгутæ раскъудтонцæ нæ Иристони разагъди лæгтæй еуей цард – нæ адæми знæгтæ сау ингæни хай бакодтонцæ дессаги хæларзæрдæ, искурдиадæгин, цæстуарзон, цардбæллон адæймаги.

Цæйбæрцæ ма ин бантæстайдæ исаразун нæ адæми истори, æ уодварни ратæдзæнтæ æртасуни гъуддаги, æхсæнадон æма културон царди! Уæззау адтæй æ хъисмæт, фал патриоти цардвæндаг лигъз некæд фæууй. Цал æма цал трагикон хъисмæти æнцæ уомæн æвдесæн: райгурæн Иристонæн æ цард ка не 'вгъау кодта, етæ мард æрцудæнцæ знаги къохæй.

Темурхъанти Сослан исфæлдистадон куст кæнун райдæдта 1900 анзи, 19-анздзудæй. Æ фельетонтæ æма радзурдтæ (иронау финст) мухургонд цудæнцæ газет «Ног цард»-и. 1907 анзи фæстаг мæйти ин «Ног цард»-и рацудæй колониалон системи нихмæ финст радзурдтæ æма таурæхътæ «Минас», «Ирæд», «Ног хъалон», «Сæрдыгон уарын», «Залкалм», «Зындон сног и», «Уастырджи æмæ сау барæг», «Иу таурæгъ нæ цардæй». Адтæй газет «Кермен»-и уацхæссæг дæр. Ами рацудæй æ радзурд «Фæллой». Дзубанди си цæуй æрдзæмæ хæдзардзин цæстæй кæсун ке гъæуй, уой туххæй. Уруссагау ин мухурæй рацудæй историон очерк «Осетины».

Фиццаг хатт иронау Иристони историй туххæй финст æрцудæй æма Дзæуæгигъæуи Габисати типографий мухурæй рацудæй 1913 анзи. Киунугæ «Ирон истори»-й автор æй Темурхъанти Сослан. Кæд æй цензурæ фæццубуртæ кодта, уæддæр махæн æй устур ахсгиаг æма хъазар куст. Автор си равдиста нæ адæми евгъуд догтæ, сауæнгæ сæ равзурдæй фæстæмæ, сæ фиццагдæр райгурæн бæсти куд цардæнцæ, Кавкази куд фæззиндтæнцæ, куд ниппурхæ 'нцæ Европи, сæ културæ лæборгути хæццæ тугъдтити хауæццаг куд кодта.

Темурхъанти Сослан адтæй Иристони фурт. Æгæрон уарзтæй уарзта æ Райгурæн бæстæ, æ фидтæлти зæнхæ, æ адæми, æ маддæлон æвзаг. Сагъæс кодта нæ адæмбæл, нæ култури исонибонбæл. Адæм сæ маддæлон æвзаг ку нæ зононцæ, уæд нацийæн ирæзæн нæййес – уотæ нимадта Темурхъанти Сослан. Еци фарста махæн кæддæриддæр æй ахсгиаг.

***Æрмæг мухурмæ бацæттæ кодта АБАЙТИ Марк***





**Аци циртдзæвæн ТЕМУРХЪАНТИ Сосланæн æвæрд æрцудæй Мæздæги.**

**Офтальмологий (цæститæ дзæбæх кæнуни медицинон къабазæ) Æхсæндуйнеуон бон бæрæггонд цæудзæнæй 8 августи. Зæрдиагæй арфæ кæнæн аци къабази косæг еугур медицинон косгутæн дæр!..**

*Как-то застал соседа по коммуналке за кражей на кухне. Он долго меня стыдил, что подглядывать нехорошо.*

* * *

*Рассказывая детям сказку на ночь, папа увлекся и рассказал, как он съездил в сауну.*

*Этот неловкий момент, когда муж, бросивший курить, ночью на цыпочках пробирается к форточке на кухне для перекура и в темноте натыкается на жену, сидящую на диете, торопливо жующую котлету у холодильника.*

## ЦИЙНÆ КÆНИС, УОЙ УИНУН, ФАЛ ЦÆБÆЛ, УОЙ БА НÆ УИНУН...



# ДÆ ЦАРД ФÆРРÆСТВÆНДАГ КÆНУНМÆ ИСАРÆХСÆ!..

*Номдзуд французаг финсæг æма философ Альбер Камю (1913-1960) кæддæр уотæ загъта: «Æз а дуйнейæй мæхе райстон фæсвæд. Знæгтæ мин ке адтæй, уой туххæй нæ, фал мин хæлæрттæ ке адтæй, уомæ гæсгæ. Мæ хæлæрттæ мин знæгтæ ке кодтонцæ (ахид уотæ фæууй…), уой тухххæй нæ, фал, ци дæн, уомæй мæ хуæздæр ке худтонцæ, уой фудæй. Еци галеу миуæн нæ бафæразтон…»*

*Аци загъди кой уин уомæ гæсгæ ракодтон, цæмæй сумах дæр расагъæс кæнайтæ, уæ цардиуагæй боз айтæ æви нæ? Уой фæдбæл ба уин кæдимæйди ба фæййагъаз уиуонцæ, мæнæ дæлдæр ци фарстатæ мухур кæнæн, етæ дæр.*

**1. Адæми 'хсæн косун дæ зæрдæмæ хъæбæрдæр цæуй, æви дин æхцæуæндæр æй æнæгъæнæ бон дæр еунæгæй компьютери хæццæ архайун?**
а) Нæ; б) Гъо.

**2. Уотæ дæр рауайуй æма автобуси, электрички кенæ метрой цæугæй де 'рлæууæнбæл райевгъуйис?**
а) Нæ; б) Гъо.

**3. Рагацау, зæгъæн, къуæре раздæр ести æнгъудтæ искæнис?**
а) Нæ; б) Гъо.

**4. Æнæнгъæлти ка рауайуй, уæхæн цаутæ дæ зæрдæмæ цæунцæ?**
а) Нæ; б) Гъо.

**5. Ци ихæстæ фæддарис, уони нисангонд æмгъудмæ бафедис?**
а) Гъо; б) Нæ.

**6. Гъуддагон кенæ æмбæлтти хæццæ фембæлдтитæмæ алкæд æнæ бæйрæги кæнгæй æрбацæуис?**
а) Гъо; б) Нæ.

**7. Дæ цæрæнуат алкæддæр хуæрзæфснайд фæууй?**
а) Гъо; б) Нæ.

**8. Дæ паспорт нуртæккæ кæми æвæрд æй, уой гъуди кæнис?**
а) Гъо; б) Нæ.

**9. Бæлдити уацари ахид бахауис?**
а) Нæ; б) Гъо.

**10. Ци кустаг райдайис, уой кæронмæ рахъæртун кæнис?**
а) Гъо; б) Нæ.

**11. Бæлвурд æмгъудтæмæ исæнхæст кæнун ке гъæуй, уæхæн куст дæмæ нимаддæр æй?**
а) Гъо; б) Нæ.

**12. Уотæ дæр фæууй, æма къуæрей бæнттæй æма мæйи нимæдтæй абони кæцитæ 'нцæ, уой нæ фæззонис?**
а) Нæ; б) Гъо.

**13.** Дæ хæдзари дзаумæуттæй алкæмæндæр бæрæг бæлвурд бунат ес æвæрунæн?
а) Гъо; б) Нæ.

**14. Туканмæ цæугæй æлхæнуйнæгти номхигъд рагацау исаразис?**
а) Гъо; б) Нæ.

**15. Арфгъудигин дзубандитæ хъæбæрдæр ниххезунцæ дæ зæрдæмæ æви уотид тæлтæг зæгъдтитæ?**
а) Гъо; б) Нæ.

**Аци фарстати фæдбæл алли аразий дзуапбæл дæр уæхецæн ниввæретæ 1 балл «а» – аразий дзуапбæл, «б» ба – 0 балли. Æма цал балли æрæмбурд кæнайтæ, уомæ гæсгæ ба хатдзæгтæ уодзæнæнцæ:**

**15-11 балли.** Еумæйагæй дæ бон æй дæ цард раст исæвæрун æма дин уой тухххæй арфæ кæнæн. Дæ цардиуагæмæ кæсис бæрнон цæстæй, алцидæр дин лæдæрд æй.

**10-6 балли.** Алкæд раст нæ фæгъгъуди кæнис. Берæ фæндитæ дæмæ ес, фал царди æцæгдзийнади хæццæ баст ба нæ фæуунцæ. Уæлæрвти минкъийдæр тæхæ æма бæрнондæр цæстæй кæсæ дæ цардмæ.

**5-0 балли.** Дæ цардиуагæ раст исаразунгъон нæ дæ, уомæ гæсгæ ба дæ размæцуд къулумпигонд цæуй. Сæйрагдæр æй дæ еци миутæй дæ хеонтæ æма æмбæлттæн къахкъуæрæн ма уо.

## ÆНÆ УАГÆЙ КУРОЙНÆ ДÆР НÆ ЗЕЛУЙ!..

***Абони ци æрфарст мухур кæнæн, уомæн æ медес æй: дæ царди хабæрттæ куд аразай, уотæ рауайдзæнæнцæ дæ карни хабæрттæ дæр. Æма æвдесæнæн бабæй æрхæсдзинан недзамантæй абони уæнгæ номдзуд бердзейнаг æмбесæндтæфинсæг Эзопи таурæхътæй цалдæр.***

### ХÆДЗАЙРОН ÆМА ГЪÆДДАГ БÆЛÆУТÆ



Мæргътæахæссæг æ хизæ идæрдтæбæл байтигъта æма 'й хæдзайрон бæлæути рази бабаста, æхуæдæг идардгомау æрлæудтæй æма æнгъæлмæ кæсуй. Гъæддаг бæлæутæ хизи бахаудтæнцæ. Лæг сæмæ балигъдæй æма сæ ахæссун байдæдта. Гъæддæгтæ хæдзайронтæн уайдзæфтæ кæнунмæ фæцæнцæ, рагацау, дан, нин цæмæннæ балæдæрун кодтайдæ гъуддаг. Хæдзайрон бæлæутæ син уæхæн дзуапп равардтонцæ: «Махæн нæ хецауи хæццæ лимæнæй цæрун пайдадæр æй, нæ идард хæстæгути мæтæ нæмæ уойбæрцæ нæййес».

*Фæсдзæуинтти дæр фудгин кæнун нæ гъæуй, сæ хæстæгутæй сæ хецаубæл æновуддæр ке 'нцæ, уой тухххæй.*

### БÆЛЦЦÆНТТÆ ÆМА ХАЛОН

Адæми къуар сæ гъуддæгути фæдбæл фæцæйцудæнцæ, æма сæ размæ фæцæй сохъур халон. Кæсунтæ имæ райдæдтонцæ гурусхæгæнгæй, сæ еу ба уотæ, раздæхæн, дан, кенæ ба фудвæндаг фæуууодзинан. Уæд ин е 'мбæлттæй еу уæхæн дзуапп равардта: «Халон, федæни цитæ 'рцæудзæнæй, уой ку зудтайдæ, уæд æ цæстæ фидбилизæй багъæуай кодтайдæ».

*Уотæ 'нцæ адæм дæр. Æхецæн фæййагъазгъон ка нæй, е гъæуама иннетæн унаффæгæнæг куд исуа?*

### ЦЪИРЦЪИРАГÆ ÆМА РОБАС



Цъирцъирагæ зартæ кодта бæрзонд бæласæбæл. Робас расагъæс кодта, бахуæрон æй, зæгъгæ, æма ибæл хийнæй цæун байдæдта. Бæласи буни ислæудтæй æма ин æ дессаги зарбæл æхе десгæнæг искодта. Уæдта дин имæ уæлæмæ дзоруй, æрхезæ, дан, æз ба дæ фæууинон, уæхæн æмбесонди гъæлæс кæмæн ес, еци уодгоймаги. Цъирцъирагæ ин æ хийнæйдзаг миутæ балæдæрдтæй. Бæласæй еу сифæ ратудта æма 'й бунмæ æргæлста. Робас ибæл æхе ниццавта – цъирцъирагæ 'й бангъалдта. Уæд имæ цъирцъирагæ дзоруй: «Фæррæдудтæ, мæ хор, – уотæ дæмæ фæккастæй, æма дæмæ æрхездзæнæн. Робасти æз кæдæй нурмæ зонун, уой зонис? Дæ бæркъой дин цъирцъираги базур ку фæууйдтон, уæдæй нурмæ!..»

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



**Фарстатæн се 'мбесæй фулдæребæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй:**

**1. Недзамайнаг таурæхътæй еуеми куд дзурдæуй, уотемæй хуæнхти бæрзонди кæунцæ сиахътæ (великаны). Сæ цæстисугтæ ку расæлунцæ, уæд фестунцæ алæмæти бальзам – еугур незтæй дæр дзæбæхгæнæг хуасæ. Ка 'й иссеруй, е исуй дуйнетæбæл тæккæ æнæнездæр æма хъаурæгиндæр. Дзубанди, гъай-гъайдæр, цæуй, мумие, зæгъгæ, ке хонунцæ, еци хуаси тухххæй, кæцимæй дзæбæх кæниуонцæ берæ-берæ незтæ. Æцæг, ке си дзæбæх кæнонцæ, е гъæуама æгириддæр ма ахуада… Ци?**
а) Карз ниуæзтæ, б) Фид, в) Цъирта.

**2. Цæмæй хъæбæр зундгонд исæйдæ, уомæн зингæ фæййагъаз æй, æ ном ин гъæуама ка фæггириззаг кодтайдæ, уомæн ин ци рахастонцæ, е. Цæветтонгæ, е 'ргомгæнæг æмдзæвгитæ æма уацти тухххæй тæрхондони унаффæй ибæл бакодтонцæ гъæдин хъадаматæ æма уотемæй ходуйнаггæнæг цæгиндзи рази Лондони фæзи фæллæудтæй æртæ боней дæргъи. Уæхæн адæймагбæл æ рæбунти рацæуæг адæм гъæуама гириз кодтайуонцæ æма 'й æфхуардтайуонцæ. Фал аци адæймагæн ба æгъдау лæвардтонцæ куд устур уæлахезонæн, уотæ, æ къæхти рæбунмæ ин гæлстонцæ деденгути бæститæ. Еци лæг адтæй номдзуд финсæг… Ка?**
а) Свифт, б) Диккенс, в) Дефо.

**3. Паддзах-дзармадзан арæзт æрцудæй 1586 анзи, абони ба æй Мæскуй Кремли зингæдæр экспонат. Фал ци æхсгæ ба кæд ескæд фæккодтонцæ, уæд цал хатти. Экспертæ 1980 анзи куд исбæлвурд кодтонцæ, уотемæй…**
а) Еунæг хатт дæр нæ, б) Еунæг хатт, в) Берæ хæттити.

**4. Бæлвурдæй зундгонд æй, Лондони пъæлицæмæ фиццагидæр ке райстонцæ, еци дууæ нæлгоймагей куствæндаг æгæр цубур цæмæн рауадæй, е. Цанæбæрæг ракустонцæ, уæдта сæ гиризаг тард ракодтонцæ сæ кустæй. Цæй фудæй?**
а) Давуни, б) Фурниуæзти, в) Лæгмарди.

**5. Британий денгизи билгæрон мард галгæф, мийаг, разиндтæй, уæд закъонмæ гæсгæ æ сæр æнæмæнгæ æй айдагъдæр къароли. Мадта уæд къароли цардæмбалмæ еци «денгизон цæрæгæн» æ кæци хай хауй?**
а) Думæг, б) Накæгæнæн базур (плавник), в) Уолæфæн (дыхало).

**Нур ба раст дзуæппитæ нæ газети 27-аг номери мухургонд фарстатæн.**
1. Окольничий (паддзахмæ хæстæгдæр бунæттæй дуккаги бадæг). 2. Сурх. 3. Фæндзæйттæ æма цуппæргæйттæ. 4. Андорра. 5. Бомарше.

Дигорæ
Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.

Газет исаразæг æма уадзæг:
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

Редакций адрес: 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
E-mail: gazeta-digora@inbox.ru.
Нæ газети сайт: http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.
Рафинсуни индекс: 73946.
Тираж 650. Заказ № 1650.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 02.08.2024.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 02.08.2024.

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций арazийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.